

EGZAMEN REGENTS POU ISTWA AK JEWOGRAFI JENERAL II

Jedi 26 janvyè 2023 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II ak III.

Pati I an gen 28 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II gen de (2) seri kesyon pou repons konstwi (KPK). Chak seri kesyon pou repons konstwi gen 2 dokiman ki mache avèk plizyè kesyon. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon. Ekri repons ou pou kesyon sa yo nan ti liv egzamen an sou liy ki vini apre kesyon sa yo.

Pati III a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou senk (5) dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–28): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.

Peryòd Edo a te vin apre anpil ane boulvèsman politik ak sosyal. Divizyon presedan an nan listwa Japon ki rele peryòd Sengoku an (peryòd gè ant eta yo) te sou dominasyon lagè ki t ap fèt ant diferan faktyon politik ak relijye pou kontwòl peyi a. Gè sa yo te vin fini avèk inifikasyon Japon avèk gran jeneral Oda Nobunaga ak Toyotomi Hideyoshi yo epi finalman Tokugawa Ieyasu ki te fòme dènye Chogouna Japon an.

Ieyasu te konsolide pouvwa li gras a yon seri chanjman sosyal, sa gen ladan entwodiksyon yon sistèm klas estrik ak kontwòl sere fanmi daimyo dirijan yo apati de kapital la Edo. Moun yo endividiyèlman pa t gen dwa lalwa rekonèt e fanmi an te vin enpòtan anpil nan tout nivo sosyal yo....

Sous: Hokusai online

- | | |
|--|---|
| 1 Baze sou pasaj sa a, endike yon (1) fason chogouna Tokugawa a te afekte sosyete japonèz la?
(1) Yo te inifye Japon.
(2) Yo te pwomouvwa komès.
(3) Yo te modènize endistri an.
(4) Yo te elimine klas sosyal yo. | 2 Baze sou pasaj sa a, ki ide politik ki te evolye padan chogouna Tokugawa a?
(1) demokrasi
(2) absolutis
(3) sosyalis
(4) oligachi |
|--|---|

Sèvi ak gwo tit yo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 3 ak 4.

Gwo Tit yo nan 18yèm Syèk la

- A. “Ensètitud Ekonomik Kenbe Sosyete A Di”
- B. “Wa A Inyore Repezantasyon Egal Pou Tout Moun”
- C. “Yo Egzekite Wa A, Laterè Kòmanse”
- D. “Yo Wè Sistèm Taks la Enjis”

- | | |
|--|---|
| 3 Ki deklarasyon sou Revolisyon Fransèz la enfòmasyon ki nan gwo tit sa yo pi byen kore?
(1) Revolisyon an te inatandi poutèt Eta Jenewo yo te rankontre regilyèman.
(2) Yo te touye Wa Louis XVI poutèt li te kwè nan konsantman gouvènè yo.
(3) Espri revolisyonè a te soti nan fristrasyon anvè Ansyen Rejim nan.
(4) Noblès la ak klèje a se te sèl viktim Laterè a. | 4 Ki gwo tit ki asosye pi pre ak etap radikal la nan Revolisyon Fransèz la?
(1) A
(2) B
(3) C
(4) D |
|--|---|

Sèvi ak dokiman ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 5 ak 6.

Ekstrè nan Deklarasyon Dwa Lòm ak Sitwayen an, 1789

Atik yo

1. Lèzòm fèt ak rete lib epi egal nan dwa yo. Distenksyon sosyal yo kapab fonde sèlman sou byennèt jeneral la.
2. Objektif tout asosyasyon politik se prezèvasyon dwa natirèl ak enpreskriptib [inalyenab] lòm. Dwa sa yo se libète, pwopriyete, sekirite, ak rezistans fas a opresyon.
3. Prensip tout souverènte rezide esansyèlman nan nasyon an. Okenn kò ni moun pa gen dwa egzèse okenn otorite ki pa soti dirèkteman nan nasyon an....

Sous: The Avalon Project at Yale Law School

Ekstrè nan Deklarasyon Dwa Fanm ak Sitwayèn nan, 1791

- I. Fanm fèt lib epi rete egal ak lòm nan dwa yo. Distenksyon sosyal yo kapab sèlman fonde sou sèvis komen.
- II. Objektif tout asosyasyon politik yo se prezève dwa natirèl ak inalyenab Fanm ak Lòm: sa yo se dwa ak libète, pwopriyete, sekirite ak, anwo tout, rezistans fas ak opresyon.
- III. Prensip souverènte a rezide esansyèlman nan Nasyon an, ki se sèlman Fanm ak Gason ki mete tèt yo ansanm: pa gen okenn kò ni moun ki ka egzèse otorite ki soti lòt kote....

Sous: Olympe de Gouges

- | | |
|---|--|
| 5 Toude dokiman yo plede anfavè yon gouvènman ki | 6 Ide kiyès ki te pi enfliyanse kreyasyon dokiman sa yo? |
| (1) bloke fòmasyon pati politik yo | (1) John Locke |
| (2) pwoteje dwa sitwayen yo | (2) Adam Smith |
| (3) sou kontwòl òganizasyon relijye yo | (3) Catherine la Grand |
| (4) aboli distenksyon yo ant klas sosyal ak ekonomik yo | (4) Maximilien Robespierre |

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 ak 8.

...Ivwa ak esklav se te ekspòtasyon prensipal Kongo, men Leopold te konsantre sou kawoutchou. Maketin an mas la pou bisiklèt ak oto nan ane 1890 yo te ogmante demann pou kawoutchou a anpil e li te voye pri yo monte anflèch. Lè yo te vin dekouvri yon lyann ki pwodui kawoutchou nan forè twopikal Kongo a an 1890, Leopold te mete konpetisyon an deyò epi li te vin gen monopòl pwodui ra a. Dapre yon estimasyon, Kongo t ap pwodui 20,000 tòn kawoutchou brit pa ane ak yon pwofi 900 pousan. Rannman wo sa a te an gran pati poutèt mendèv bon mache a....

Sous: Michael Parker, *Mission Crossroads*, Spring 2017

- | | |
|--|---|
| 7 Enfòmasyon ki nan pasaj sa a t ap pi itil pou yon ekonomis k ap fè rechèch sou | 8 Ki evènman ki te kontribye nan sitiyaasyon ki dekri nan pasaj sa a? |
| (1) motivasyon pou enperyalis ewopeyen nan Afrik | (1) adopsyon Lwa Britanik sou Abolisyon an |
| (2) estrateji anplwa yo itilize an Ewòp | (2) kreyasyon Rapò Sadler la |
| (3) rezon ki fè Ewopeyen yo enterese nan ivwa | (3) rankont Konferans Bèlen an |
| (4) enpòtasyon materyo brit ewopeyen nan Afrik | (4) etablisman Kòd Napoleyonnen an |

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 ak 10.

...Yon bagay ki te gen yon enpòtans egal ego pou agrikilti anglèz la se te elaborasyon nouvo fason pou fè kilti ak elvaj. Apeprè nan menm moman kote Townshend t ap fè eksperyans avèk navè ak jiwòf, yon fèmye anglè, Jethro Tull, te entwodui yon nouvo fason pou plante semans. Nan tan pase, fèmye yo te simen semans yo sou sifas yon jaden ki laboure. Zwazo yo te manje anpil nan semans sa yo oswa semans yo pa t pran rasin.

Tull te pwopoze olye de sa pou plante chak semans fon nan tè a epi apre sa pou sakle toutotou li. Rezilta a se te yon gwo rannman kilti poutèt te gen plis semans ki te viv epi byen pouse. Pou ogmante efikasite pwosesis sa a Tull te plante avèk semwa ak wou chwal t ap rale....

Revolisyon agrè a, jan yo rele li an, te gen menm enpòtans ak revolisyon endistriyèl la. Disponibilite bon manje, konbine ak pi bon sivivans pou tibebe yo ak disparisyon epidemi yo, te ede plis timoun viv jiska laj granmoun epi te pèmèt granmoun yo viv pi lontan. Sa te vle di, disi mitan dizuityèm syèk la, te gen plis moun ki te gen plis pitit, epi popilasyon an te ogmante vit apre sa....

Sous: James A. Corrick, *The Industrial Revolution*, Lucent Books, 1998

- | | |
|---|--|
| 9 Ki sitiyaasyon ki te rezilta evènman ki dekri nan pasaj sa a? | 10 Ki evènman ki te pote chanjman agrikòl ki te sanble sa ki dekri nan pasaj sa a? |
| (1) migrasyon moun nan zòn rural yo | (1) Holodomor ikrenyen an |
| (2) ogmantasyon popilasyon an | (2) dezètifikasyon Sahara a/Sahel la |
| (3) devlopman ideyal maksis yo | (3) konstriksyon Baraj Aswan an |
| (4) lafamin nan Ilann | (4) Revolisyon Vèt la |

Sèvi ak foto ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 ak 12.

Mahatma Gandhi K Ap Tise Lenn, nan Fen Ane 1920 yo.



Sous: Carnegie Council for Ethics in International Affairs, January 15, 1929

11. Foto sa a lepli souvan asosye ak tèm

- (1) apezman
- (2) izòlman
- (3) bòykòt
- (4) segregasyon

12. Aktivite Gandhi nan foto sa a se yon reyaksyon pa rapò ak

- (1) enperyalis britanik la nan Lend
- (2) envazyon Larisi nan Lazi di Sid
- (3) nonnaliman Lend pandan Gèfwad la
- (4) famin yo nan Lazi di Sid

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 13 ak 14.


...Te gen lavi ki ta pral sakrifye an verite nan enterè chapo. Kanta vwal sou figi fanm yo, yo te dekouraje li ofisyèlman, men yo pa t entèdi li. De tout fason, vwal la te sitou yon koutim klas mwayèn, epi klas mwayèn yo te abandone li. An jeneral fanm yo te mete foula long sou tèt yo, ke yo te pase sou figi yo an prezans etranje gason. Gouvènman repiblik la te entèdi foula sou tèt nan lokal ofisyèl yo, sa gen ladan lekòl, dapre règleman sèvis sivil yo. Lòt kote yo te tolere yo epi yo rete yon karakteristik sèn tik la jouk jodi a, alòske yo mete an kesyon entèdiksyon foula sou tèt fanm yo nan lokal ofisyèl yo chak fwa presyon ofisyèl la fè yon rilaks....

Sous: Andrew Mango, *Atatürk*, The Overlook Press

- | | |
|---|--|
| 13 Ki chanjman ki te rezilta aksyon Kemal Atatürk yo ki dekri nan pasaj sa a? | 14 Ki deklarasyon prèv ki nan pasaj sa a pi byen kore? |
| (1) adopsyon anti-Semitis | (1) Yo pa t aksepte refòm yo inivèsèlman. |
| (2) rejè modènizasyon | (2) Yo te bay libète abiman nan lekòl yo. |
| (3) oksidantalizasyon Latiki | (3) Yo te bay fanm klas mwayèn yo respè. |
| (4) pwomosyon tradisyon islamik yo | (4) Yo te konsidere estil rad yo pa t enpòtan. |
-

Sèvi ak kat jewografik yo ki anba la ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 15 ak 16.

Fwontyè K ap Chanje yo nan Izrayèl



Sous: Daily Mail, February 18, 2017 (adapte)

15 Ki evènman istorik ki te pi dirèkteman enfliyanse elaborasyon plan 1947 la yo montre sou Kat Jewografik A a?

- (1) masak ris yo
- (2) chit Anpi Ostwo-Ongwa a
- (3) Konferans Lapè Pari
- (4) Olokos la

16 Ki gwoup ki te benefisye plis nan chanjman yo montre sou kat jewografik sa yo?

- (1) imigran zyonis ak jwif yo
- (2) gouvènman Jòdani an
- (3) nasyonalis palestinyen yo
- (4) sitwayen Liban yo

Sèvi ak ekstrè diskou ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 17 ak 18.

...Gen yon siy Sovyetik yo ka fè ki t ap klè, ki t ap fè kòz libète ak lapè a avanse anpil. Sekretè Jeneral Gorbachev, si w ap chèche lapè, si w ap chèche pwosperite pou Linyon Sovyetik ak Ewòp de Lès, si w ap chèche liberalizasyon: Vin isit la bò baryè sa a! Mesye Gorbachev, ouvè baryè sa a! Mesye Gorbachev, kraze mi sa a!...

Sous: Ronald Reagan, "Remarks on East-West Relations at the Brandenburg Gate in West Berlin," June 12, 1987

- 17 Ki sijè ou t ap pi byen etidye gras a analiz ekstrè sa a? | 18 Mi yo pale de li nan ekstrè sa a te sèvi pou
- | | | |
|-----------------------|-----------------------|-------------------------------------|
| (1) Premye Gè Mondyal | (3) Dezyèm Gè Mondyal | (1) ankouraje pwopagasyon kapitalis |
| (2) Revolisyon Ris | (4) Gèfwad | (2) limite mouvman moun |
| | | (3) pwomouvwa enperyalis |
| | | (4) anpeche koperasyon militè |

Sèvi ak ekstrè diskou ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 19.


Pandan plizyè syèk, Ewopeyen yo te domine kontinan afriken an. Lòm blan an te avojè [reklame] pou limenm dwa pou gouvènè ak pou moun ki pa blan yo obeyi li; misyon li, li te deklare, se te pou "sivilize" Afrik. Sou pretèks sa a, Ewopeyen yo te vòlè gwo richès nan kontinan an epi yo te enflije soufrans inimajinab sou pèp afriken an....

Li klè ke nou dwe jwenn yon solisyon afriken pou pwoblèm nou yo, e nou kapab jwenn li sèlman nan inite afriken. Lè nou divize nou fèb; si nou ini, Afrik ta ka vin youn nan pi gran fòs pou lebyen yo nan mond lan....

Sous: Kwame Nkrumah, *I Speak of Freedom*, 1961

- 19 Ki sikonstans ki te gen plis chans enfliyansè diskou sa a Kwame Nkrumah te fè an 1961?
- (1) endistriyalizasyon rapid Afrik
 - (2) etablisman repiblik islamik yo an Afrik
 - (3) ogmantasyon sipò Afriken yo pou ekspansyon kolonyal ewopeyen an
 - (4) kontwòl politik ak ekonomik ewopeyen an sou kontiman afriken an

Sèvi ak desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 20 ak 21.



Ranan Lurie. 1970.

Sous: *A Cartoon History of United States Foreign Policy, 1776-1976*

20 Ki pwendvi ki eksprime nan desen komik 1970 sa a?

- (1) Linyon Sovyetik te gen mwens zam nikleyè pase Etazini.
- (2) Etazini te peye plis pou zam nikleyè pa yo.
- (3) Pri ak enstabilite te gen kòm rezilta konvèsasyon sou kontwòl zam.
- (4) Sitwayen ni sovyetik ni ameriken te swete pwodiksyon plis zam.

21 Ki aksyon ki te rezilta dirèk evènman ki reprezante nan desen komik sa a?

- (1) Linyon Sovyetik te vann Lend ak Pakistan zam nikleyè.
- (2) Pouvw konsèy sekirite Nasyonzini an te ogmante.
- (3) Yo te mete limit sou kantite misil yo nan Etazini ak nan Linyon Sovyetik.
- (4) Lachin te jwenn plis zam nikleyè toujou sou Mao Zedong.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 22 ak 23.

Nan entèvyou sa a Deng Xiaoping ap diskite sou chanjman yo nan ekonomi chinwa a.

“Pa gen kontradiksyon fondamantal ant sosyalis ak yon ekonomi mache. Pwoblèm nan se kijan pou devlope fòs pwodiktiv yo yon fason pi efikas. Nou te konn gen yon ekonomi planifye, men eksperyans nou avèk ane yo pwouve lè ou gen yon ekonomi ki totalman planifye sa jennen devlopman fòs pwodiktiv yo nan yon sèten mezi. Si nou konbine yon ekonomi planifye ak yon ekonomi mache, n ap nan yon pi bon pozisyon pou libere fòs pwodiktiv yo epi akselere kwasans ekonomik la.”...

Sous: Selected Works of Deng Xiaoping, Vol 3

22 Ki pwoblèm pasaj sa a pi byen dekri?

- (1) pòvte travayè faktori yo
- (2) limitasyon yo nan yon ekonomi mache
- (3) fason kwasans ekonomik la oralanti
- (4) dominasyon investisè etranje yo

23 Ki repons ki pwopoze nan pasaj sa a?

- (1) kreye yon ekonomi miks
- (2) rejte tout politik kominis yo
- (3) retounen nan yon ekonomi tradisyonèl
- (4) favorize kapitalis sou sosyalis

Sèvi ak sitasyon ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 24 ak 25.

...“Nou pa ka fè bak nan lamach nou an nan direksyon libète. Nou pa dwe kite laperèz bare wout nou. Sifraj inivèsèl nan wòl elektè komen an nan yon Afrik di Sid ini ki demokratik ak non-rasyal se sèl fason pou jwenn lapè ak amoni rasyal.”...

Sous: Excerpt of Nelson Mandela’s speech upon his release from prison, February 11, 1990

24 Nan sitasyon sa a, Nelson Mandela ap pale de finisman ki politik?

- (1) otodetèminasyon
- (2) migrasyon fòse
- (3) apated
- (4) ibanizasyon


25 Sipò Mandela a pou sifraj inivèsèl nan Afrik di Sid te mennen

- (1) finisman kontwòl minorite blan an
- (2) emigrasyon an mas
- (3) apatnans nan Nasyonzini (UN)
- (4) konfiskasyon fèm prive yo

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 26 jiska 28.

Kote Rad Ou Yo Te Fèt

An 2016, Etazini te enpòte prèske 27 milya pyès rad. Men 10 premye peyi kote rad sa yo te soti.



Sous: *New York Times Upfront Magazine*

26 Ki tip espesyalis syans sosyal ki gen plis chans sèvi ak enfòmasyon yo montre sou kat jewografik sa a?

- (1) ekonomis
- (2) antwopològ
- (3) istoryen
- (4) sosyològ

27 Ki deklarasyon enfòmasyon yo montre sou kat jewografik la pi byen kore?

- (1) Gen anpil nasyon afrikèn ki fabrike gwo kantite rad pou ekspòtasyon.
- (2) Gen anpil nasyon azyatik ki manke teknoloji ki nesèsè a pou endistriyalizasyon.
- (3) Enpòtasyon rad nan Etazini soti prensipalman nan Lazi.
- (4) Amerik Santral enpòte majorite rad li yo soti nan Lend.

28 Baze sou enfòmasyon yo montre sou kat sa a, ki konklizyon ou ka tire de fèt gen 42% rad enpòte yo ki fèt nan Lachin?

- (1) Politik gouvènman chinwa yo kore fabrikasyon pou ekspòtasyon.
- (2) Gouvènman chinwa a aplike règleman estrik pou pwoteje travayè faktori yo.
- (3) Lachin gen mezi legal solid anplas pou pwoteje anviwònman an bò faktori yo.
- (4) Gouvènman chinwa a ankouraje ekspòtasyon nan Amerik Santral.

Paj sa a rete vid toutespre.

Ekri repons ou pou kesyon 29–34b nan espas yo ba ou yo. Sèvi ak yon plim nwa oswa ble fonce pou reponn kesyon sa yo.

Pati II

KESYON POU REPONS KONSTWI (KPK) KI MANDE REPONS KOUT

Kesyon sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsewa pou teste kompetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak seri Kesyon pou Repons Konstwi (KPK) gen 2 dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, sonje ekplikasyon sa yo:

Idantifye—vle di bay yon non ak oswa nome.

Eksplike—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konpran; pou bay rezon pou oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon yon bagay.

Estrikti Seri 1 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 29 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
- Kesyon 30 itilize Dokiman 2 (Sous)
- Kesyon 31 itilize Dokiman 1 ak 2 (Relasyon ant dokiman yo)

Estrikti Seri 2 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 32 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
 - Kesyon 33 itilize Dokiman 2 (Sous)
 - Kesyon 34a ak 34b itilize Dokiman 1 ak 2 yo (Relasyon ant dokiman yo)
-

Enstriksyon yo pou Seri 1 KPK (29–31): Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 29.

Dokiman 1

Robert Ley te okipe plizyè pòs nan Almay. Li te Lidè Òganizasyon Reich la, responsab pou anpil nan edikasyon entèn pati an. Li te chèf Fwon Alman Travay la tou, “sendika” nazi an. Li te fè diskou sa a nan dat 3 novanm 1936.

Nou akonpli kokennchenn bagay pandan twa (3) ane nou pase yo sou pouvwa a. Mwen pa panse aswè sa a t ap long ase pou fè lis tout bèl siksè nou jwenn yo. Gen de (2) fè ki atire atansyon: Alman jodi a vin yon moun antyèman diferan! Ke se travayè, atizan, fèmeye, oswa manm klas mwayèn nan, nou tout se moun antyèman nouvo! Gen kèk rès tan pase yo ki la toujou, fòk toujou genyen pyès mize, malgre tou. Y ap fini pa disparèt. Gran, bèl mas laj pèp nou an chanje konplètman. Yo transfòme....

Almay refèt ankò. Führer la [Hitler] te di nan dènye rasanbleman pati an, jan li toujou di l, ke pou li pi gran mirak epòk la se fason moun yo chanje. Anvan sa te gen dezespwa, kounye a gen lajwa ak afimasyon, anvan sa te gen yon santiman about, jodi a gen rezireksyon ak renesans. Anvan sa chak moun se te lennmi vwazen li. Anvi, mefyans, ak rayisman te tout kote; jodi a, tout moun ap eseye fè yon bagay ki bon pou moun ki sou kote yo a, menm si pafwa se avèk twòp enèji ak antouzyas. Chak moun vle vin bon kanmarad, lwayal, amikal....

Sous: Robert Ley, “Fate — I believe!,” November 3, 1936

29 Eksplike sikonstans istorik ki te mennen devlopman ki dekri nan ekstrè sa a nan diskou Robert Ley la. [1]

Score

Sèvi ak Dokiman 2 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 30.

Dokiman 2

Pwosè Nirenbè yo te fèt apati de 20 novanm 1945 jiska lye oktòb 1946. Jij yo ak pwokirè Pwisans Alye yo, Grann Bretay, Lafrans, Linyon Sovyetik, ak Etazini te prezide sou odisyon 22 ofisyèl nazi. Te gen 325 korespondan jounal, radyo ak fim aktyalite soti nan 23 peyi ki te obsève pwosedi yo.

...Fè lagè a ak dewoulman lagè a, ki se tèm santral ka nou an, se listwa. Depi lye septanm 1939, lè fòs ame alman yo te travèse fwontyè polonè a, jiska septanm 1942, lè yo te kontre ak rezistans nan Stalingrad, zam alman yo te parèt envensib. Dànmak ak Nòvèj, Peyiba ak Lafrans, Bèljik ak Liksanbou, Balkan yo ak Afrik, Lapolòy ak Peyi Balt yo, ak pati nan Larisi, yo te anvayi ak konkeri yo tout avèk kou rapid, puisan, byen vize. Atak sa a sou lapè nan lemond se krim kont sosyete entènasyonal la ki pote nan konesans [konpreyansyon] entènasyonal la krim yo nan èd ak preparasyon li ki sinon te gen dwa preyokipasyon entèn sèlman. Se te lagè agresif, ke nasyon yo nan lemond te abandone. Se te lagè an vyolasyon trete yo, ki te sipoze pwoteje lapè nan lemond.

Gè sa a pa t senpleman rive—li te planifye ak prepare pandan lontan e se pa t avèk ti konpetans ak entelijans. Lemond petèt pa t janm wè konsantrasyon ak estimilasyon konsa nan enèji okenn pèp tankou sa ki te pèmèt Almay 20 ane apre defèt li, dezameman li, ak demanbreman li pou li vin pre konsa egzekisyon plan li an pou li domine Ewòp....

Sous: Robert H. Jackson, "Opening Statement before the International Military Tribunal"

30 Eksplike kijan odyans la te afekte sa Robert Jackson te mete nan prezantasyon ka li an, baze sou ekstrè sa a. [1]

Score

Sèvi ak prèv ki soti nan **toude** Dokiman 1 ak 2 ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 31.

Kòz—fè referans ak yon bagay ki kontribye nan aparisyon yon evènman, ogmantasyon yon lide, oswa mizanplas yon devlopman.

Efè—fè referans ak sa ki pase kòm yon konsekans (rezilta, enpak, aboutisman) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.

- 31 Idantifye **epi** eksplike relasyon kòz ak efè ant evènman ak/oswa ide yo jwenn nan dokiman sa yo. Asire ou sèvi ak prèv ki soti nan **toude** Dokiman 1 ak 2 yo nan repons ou. [1]

Score

Enstriksyon yo pou Seri 2 KPK (32-34b): Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 32.

Dokiman 1

Pwezi sa a ki gen kòm tit “Fi Lagè yo” te pibliye nan Angletè an 1916.

Gen fi k ap pèse tikè tren w lan,
Ak fi k ap fè [asansè] a fè rapid de etaj a etaj la,
Gen fi k ap fè livrezon lèt anba lapli an,
Ak fi k ap pote kòmman devan pòt ou a.
Fò, sansib, epi anfòm,
Yo deyò a pou montre pèseverans yo,
Epi takle djòb yo avèk enèji ak don.
Yo pa nan kaj ak nan anklo ankò,
Yo pral respekte angajman yo
Jiskaske sòlda gason an kaki yo retounen opa.

Gen fi motè a k ap kondui yon gwo kamyonèt,
Gen fi bouche a ki pote vyann woti w lan pou ou,
Gen fi k ap rele ‘Tout tikè yo, silvouplè!’ menm jan ak yon gason,
Ak fi k ap sifle taksi yo nan lari an.
Anba chak inifòm
Gen yon kè k ap bat ki dous ak cho,
Menm si pou je kale [bon sans] rize yo pa manke;
Men se yon deklarasyon solanèl sa ye,
Yo pa gen tan pou lanmou ak bo
Jiskaske sòlda-gason an kaki yo retounen opa.

Sous: Jessie Pope, “War Girls,” Poetry Foundation, 1916

32 Eksplike sikonstans istorik yo ki te mennen wòl fanm yo te jwe yo jan sa eksprime nan pwezi sa a. [1]

Score

Sèvi ak Dokiman 2 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 33.

Dokiman 2

Lig Fanm Nasyonal Sosyalis Alman an te kreye an 1931. An 1936, Emilie Muller-Zadow, yon manm Lig Fanm Nasyonal Sosyalis la, te ekri disètasyon sa a.

Yo rekonèt deplizanplis se manman yo ki pote desten pèp yo nan men yo epi siksè oswa destriksyon nasyon an depann de atitud yo anvè vokasyon manman an.

Nasyon ak ras se reyalite kreyasyon an, epi nou menm, tou, dwe patisipe nan fòmasyon ak prezèvasyon li. Poutèt sa yon lidèchip nasyonal ki respekte ak onore manman li yo, se sou yon chimen dwat ak sen li ye....

Plas Adolf Hitler bay fanm lan nan Twazyèm Reich la koresponn ak desten natirèl ak diven li. Yo mete limit pou li, ke anvan sa li te souvan vyole nan yon dezi initil pou adopte trè gason. Yo pa t rekonèt e yo te bliye pandan lontan valè ak karaktè sakre bi yo fikse pou li yo kounye a; e kounye a vokasyon li kòm manman pèp la jwenn respè li merite a, e ladan li ka epi li dwe devlope emosyon rich li yo ak fòs espirityèl li yo dapre lwa etènèl yo. Siyal nasyonal-sosyalis sa a pou fanm yo leve se yon lòt endikasyon ke an Almay jodi a se pa lwa abitrè y ap pibliye, men olye de sa se yon nasyon k ap retounen nan règ esansyèl, etènèl yo.

Donk sa pa siprann ditou pou leta ak pati an deklare edikasyon manman yo se travay yo eksklizivman epi ensiste pou tout fòmasyon se Nasyonal-Sosyalis yo sèlman ki òganize yo epi dapre prensip Nasyonal-Sosyalis yo. Paske fason yon manman wè pitit li, jan li okipe li, anseye li, ak fòm li, prensip li enkilke li yo, atitud li egzije nan men li, tout sa esansyèl pou sante nasyonal la, pou yon moralite alman, ak pou eta despri global inifye nasyon fiti an. . . .

Sous: Emilie Muller-Zadow, "Mothers Who Give Us the Future," 1936

33 Idantifye pwendvi Lig Fanm Nasyonal Sosyalis Alman an sou matènite, baze sou disètasyon sa a. [1]

Score

Resanblans—di fason yon bagay sanble oswa menm ak yon lòt bagay.

Diferans—di fason yon bagay pa sanble oswa pa menm ak yon lòt bagay.

34a-34b Sèvi ak **toude** Dokiman 1 ak 2 yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou:

- a) Idantifye yon resanblans **oswa** yon diferans ant sa yo te atann de fanm nan Angletè an 1916 ak fanm nan Almay nan ane 1930 yo. [1]
- b) Eksplike resanblans **oswa** diferans ou idantifye a ak prèy ki soti nan toude dokiman yo. [1]

Score

Pati III

(Kesyon 35)

REDAKSYON SOU PWOBLÈM PÈSISTAN YO

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Enstriksyon: Li ak analize chak nan senk (5) dokiman yo epi ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf, ak yon konklizyon. Sèvi ak sa ou konnen nan syans sosyal ak prèv ki soti nan dokiman yo pou sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan.

Yon pwoblèm pèsistan se yon defi oswa yon pwoblèm yo te debat oswa diskite atravè epòk yo. Yon pwoblèm pèsistan se yonn ke plizyè sosyete te tante adrese ak divès degre siksè.

Sa pou fè:

- Idantifye **ak** eksplike yon pwoblèm pèsistan seri dokiman sa yo souleve
- Sèvi ak sa ou konnen nan syans sosyal ak prèv ou jwenn nan dokiman yo pou diskite poukisa pwoblèm ou chwazi an enpòtan **epi** kijan li te pèsiste atravè epòk yo

Nan redaksyon ou an asire ou

- Sèvi ak yon entèpretasyon ki istorikman egzak sou *omwen twa (3)* dokiman pou idantifye yon pwoblèm pèsistan
- Sèvi ak prèv ki soti nan *omwen twa (3)* dokiman pou eksplike pwoblèm nan
- Agimante ke sa se yon pwoblèm siyifikatif ki te pèsiste nan montre:
 - Fason pwoblèm nan te afekte moun oswa fason moun te afekte li
 - Fason pwoblèm nan te kontinye rete yon pwoblèm oswa fason li te chanje selon epòk yo
- Ajoute enfòmasyon ekstèn enpòtan anplis ki soti nan sa ou konnen nan syans sosyal

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, sonje eksplikasyon sa yo:

Idantifye—vle di bay yon non ak oswa nome.

Eksplike—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konpran; bay rezon pou oswa kòz yo; montre devlopman lojik oswa relasyon yon bagay.

Agimante—vle di bay yon seri deklarasyon ki bay prèv ak rezon yo pou sipòte yon konklizyon.

Dokiman 1

Pen ak Revolisyon Fransèz la

...Amezi yo t ap vin pi komen, manifestasyon vyolan poutèt sereyal yo te ka gen repèkisyon puisan. Pandan ivè ak prentan 1789, se manifestasyon vyolan poutèt pen yo ki te pi komen. Anfèt, manifestasyon vyolan ki te bay kòm rezilta chit Labastiy la nan dat 14 jiyè 1789 epi ki te ede fè avanse premye etap yo nan Revolisyon Fransèz la te kòmanse kòm yon rechèch zam ak sereyal. Parizyen yo te sispèk anpil ke te gen sèten moun ki te fè rezèv sereyal poutèt yo te prevwa pri pi wo epi yo te pran lari pou pwoteste kont rezèv sa yo.

Nan premye etap yo nan Revolisyon Fransèz la, ogmantasyon pri pen yo te yon gwo preyokipasyon; nouvo gouvènman an, ki te enkyè sa pèp la te ka fè si li pa t ka jwenn pen, te reyaji rapidman a plent sou pri yo, akizasyon rezèv yo, ak lòt preyokipasyon menm jan an.

Manifestasyon vyolan sa yo epi, menm pi senpleman toujou, menas manifestasyon vyolan an te ede fè revolisyon an avanse epi fè li deplizanplis radikal.

Manifestan yo te menm eseye mete kontwòl pri pou pen ak lòt bagay esansyèl. Men enflasyon an te kontinye rete yon pwoblèm ansanm ak rate sereyal yo....

Sous: Michael R. Lynn, "Riots and Rye: Bread and the French Revolution," The Ultimate History Project online

Dokiman 2

...Ajitasyon Lidit yo te kòmanse nan sikonstans ki omwen sipèfisyèlman sanble pa nou an. Fanmi travayè britanik yo nan kòmansman 19yèm syèk la t ap sibi boulvèsman ekonomik ak chomaj jeneralize. Yon gè ki te sanble p ap janm fini kont Lafrans Napoleyon an te pote "kout zong di pòvte a," dapre sa istòryen Frank Peel te ekri, nan kay "kote jiskaprezan [anvan sa] li te etranje." Manje te ra epi t ap vin pi chè rapidman. Epi, nan dat 11 mas 1811, nan Nottingham, yon sant izin tekstil, twoup britanik yo te dispèse yon foul manifestan ki t ap egzije plis travay ak pi bon salè.

Lannuit sa a, travayè an kòlè yo te kraze aparèy tekstil yo nan yon vilaj toupre a. Lòt atak menm jan an te fèt chak swa nan kòmansman, epi apre sa detanzawòt [iregilyèman] epi apre sa an vag, pou finalman simaye sou yon zòn [gran sifas] 70 mil nan nò Angletè depi Loughborough nan sid rive nan Wakefield nan nò. Poutèt li te pè yon mouvman nasyonal, gouvènman an te touswit mete an pozisyon plizyè milye sòlda pou defann faktori yo. Paleman an te adopte yon mezi pou fè kraze aparèy vin yon zak ki merite lanmò dapre lalwa.

Men Lidit yo pa t ni òganize ni danjre jan otorite yo te panse li an. Yo te mete dife nan kèk faktori, men prensipalman yo te limite tèt yo a kraze aparèy. An verite, yo te enflije mwens vyolans pase sa yo te rankontre a. Nan youn nan ensidan pi sanglan yo, nan mwa avril 1812, yon 2,000 manifestan konsa te asayi yon moulen toupre Manchestrè. Mèt la te bay mesye li yo lòd tire sou foul la, epi konsa yo te touye omwen 3 epi blese 18. Sòlda yo te touye omwen 5 ankò nan demen....

Sous: Richard Conniff, "What the Luddites Really Fought Against," *Smithsonian Magazine*, March 2011

Dokiman 3

Manifestasyon Vyolan yo poutèt Grangou nan Galway te fèt kèk ane anvan move rekòt pòm detè a. Famin Pòm detè Ilandè a te kòmanse an 1845.



ATAK SOU YON MAGAZEN PÒMDETÈ.

Sous: "Ireland, Attack on a Potato Store – The Galway Starvation Riots,"
The Illustrated London News, June 25, 1842,
text and scan by Philip V. Allingham, The Victorian Web

Anba tit "Manifestasyon Vyolan yo poutèt Grangou nan Galway," *The Illustrated London News* pou semèn ki te fini nan samdi 25 jen 1842 a, te dekri kijan dezespwa pòv ilandè yo te mennen yo nan dat 13 la pou yo atake yon magazen pòm detè nan minisipalite Galway, avèk yon lòt mwa ki rete anvan pwochen rekòt la ak posibilite pou yon alejman [rediksyon] nan mizè yo, ki te poutèt grangou. Malgre se te fanm ak timoun ki te nan grangou ki t ap dirije atakan yo, dèyè foul la te gen yon ekip pechè Claddagh redoutab. Foul la te oze atake cherif lokal la ki te akonpaye ak yon fòs lapolis solid ak manm 30yèm rejiman an pandan li t ap avanse pou piye yon magazen pou avwàn an poud. Apre viktwa yo (yo te jwenn li poutèt twoup yo te refize tire sou fanm ak timoun) pechè yo te ensiste ke klòch legliz yo te sonnen et fenèt yo te klere nan minisipalite a anvan yo te pran lanmè. Yo rapòte te gen menm kalite dezòd yo nan Loughrea.

Dokiman 4

Yon (1) moun te mouri epi sis (6) lòt te blese pandan yon manifestasyon vyolan poutèt manje andedan yon kan ki akeyi refijye tchadyen nan rejyon soudanè Dafou a, dapre sa Wo Komisè pou Refijye Nasyonzini an (United Nations High Commissioner for Refugees, UNHCR) rapòte.

Ajans la di ensidan an te rive nan madi maten nan kan Um Shalaya, apeprè 70 kilomèt nan sidès El Geneina, kapital eta Dafou Oksidantal la.

Plizyè santèn fanm avèk baton te manifeste avèk bwi kont yon rediksyon tanporè nan disponibilite sògo,* ke yo konsome anpil nan ni Tchad ni Soudan, poutèt pwoblèm lojistik. Ensikirite kontinyèl te fè sa difisil pou transpòte manje san danje soti El Geneina pou rive nan kan an nan Um Shalaya.

UNHCR rapòte gen sèten manm nan foul la ki te afwonte lapolis lokal la epi atake yon polisye, malgre efò travayè imanitè ki te la yo pou kalme refijye yo. Lapolis te tire bal avètisman anlè epi, nan konfizyon an, yon refijye gason 26 an te pran bal nan pwatrin epi te vin mouri pi ta...

“Ensidan an regretab anpil e toudabò n ap ekprime senpati nou a moun yo ak fanmi yo ni nan kominote refijye a ni nan lapolis ki te blese,” Chrysantus Ache, reprezantan UNHCR la nan Soudan, te deklare.

“Nou ankouraje pou tout pati yo montre kalm ak kontwòl tèt yo,” Mesye Ache te deklare. “Kounye a n ap mennen yon investigasyon apwopriye sou ensidan an avèk Gouvènman an epi nou espere ke, ansanm ak refijye yo, nou kapab rapidman jwenn yon antant sou kijan pou evite ensidan konsa nan kan an nan lavni.”

Gen apeprè 6,600 refijye ki rete nan Um Shalaya, avèk nouvo moun k ap chèche azil k ap rive chak mwa amezi y ap sove kite vyolans nan zòn lakay yo nan Tchad oryantal la, kote rebèl yo ap batay ak fòs Gouvènman an depi plizyè mwa...

Manifestasyon vyolan poutèt manje ki fèt semèn sa a rive antan UN deplizanplis preyokipe poutèt atak repete yo kont konvwa imanitè yo toupatou nan Dafou, yon gran rejyon pòv sou flan oksidantal Soudan an....

Sous: “Food riot at refugee camp in Darfur kills one, injures six others – UN,” UN News online, September 4, 2008

* sògo se yon sereyal imen ak betay manje nan Afrik sib-saharyen

Dokiman 5

BEIJING – Manifestasyon vyolan nan faktori ki te frape youn nan pi gran fabrikan elektwonik yo nan lemond semèn sa a nan nò Lachin te anrasine nan presyon ekonomik la k ap ogmante ak enpasyans avèk move kondisyon travay pami gran rezèv travayè migran peyi an, analis yo di, epi yo ajoute si doleyans yo rete san repons, ensidan sa yo gen anpil chans ogmante.

Manifestasyon vyolan an, ki te kòmanse ta nan dimanch, te gen ladan prèske 2,000 travayè nan yon lokal nan Foxconn, yon jeyan fabrikasyon ki baze Taywann, ki te tanporèman fèmen faktori a an repons. Dènye dezòd la kowenside avèk siy ralantisman nan ekonomi chinwa a, epitou lansman yon nouvo iPhone Apple, ki depann de Foxconn kòm founisè chinwa prensipal li.

“Manifestasyon vyolan sa yo vin yon sèten fason inevitab,” Liu Kaiming, yon ekspè mendèv nan Shenzhen, sant izin fabrikasyon yo nan lachin, te deklare. “Se pa yon senp zafè ogmante salè ankò.”...

Jèn travayè migran yo ki te gen travay yo ki te alimante anpil nan kwasans ekonomi Lachin nan ak sektè fabrikasyon entènasyonal la kòmanse chanje an demografi ak an dezi. Rezèv mendèv sa a ap diminye, dapre ekspè yo, antan travayè ki soti nan pwovens Lachin yo vin pi byen edike epi gen atant pi wo pou lavi yo....

Men gwo demann djòb nan faktori yo pa chanje avèk demografi an, sa ki fè anpil moun fristre. Pifò djòb yo pa mande anpil edikasyon oswa, nan anpil ka, konpetans — entansite sèlman.

“Konpayi yo poko konnen kijan pou yo jere entansite sa a,” Gallagher te deklare. “Li avèk entansite poutèt presizyon ki nesesè a. Li avèk entansite poutèt jan teknoloji an chanje rapidman ak jan yo mande nouvo modèl yo. Epi pandan kantite travayè yo ap diminye, ou gen presyon k ap monte sou yo.”...

Sous: William Wan, “Foxconn riot in China unlikely to be the last, experts say,”
The Washington Post, September 25, 2012

PAJ PLANIFIKASYON FAKILTATIF

Paj Planifikasyon Pwoblèm Pèsistan yo

Ou ka sèvi ak òganizatè Paj Planifikasyon an pou planifye repons ou si ou dezire, men PA ekri repons redaksyon ou a sou paj sa a. Ekriti sou Paj Planifikasyon sa a **PA** pral konte nan nòt final ou.

Pwoblèm Pèsistan Mwen se: _____

Egzijans Redaksyon yo	Wi	Ansèkle dokiman ki aplike yo	Yonn (1) oswa de (2) lide posib pou enfòmasyon ekstèn
Èske gen <i>omwen twa (3)</i> dokiman ki sipòte pwoblèm sa a? Ki dokiman yo ki sipòte pwoblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Ki dokiman yo ki ka itilize pou devlope eksplikasyon pou pwoblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Èske pwoblèm sa a te afekte siyifikativman moun oswa èske moun te afekte li? Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa?		1 2 3 4 5	
Èske pwoblèm sa a te pèsiste oswa te chanje apre yon tan? Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa?		1 2 3 4 5	

Fè referans ankò ak paj 20 pou revize sa pou fè.

Ekri redaksyon ou sou paj ki gen liy yo nan ti liv redaksyon an.

